

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina prosés panalungtikan kapendak aya sababaraha data atawa hal nya éta tina hasil panalungtikan ngeunaan ngaran patempatan ngabuktikeun yén cara masarakat méré ngaran kampungna kalobaan dina alam sabudeureuna utamana ngaran tatangkalan. Ngaran kampung di Kacamatan Karawang Barat anu kapanggih di lapangan aya 41 ngaran kampung.

Ngaran kampung anu aya di Kacamatan Karawang Barat dikelompokeun dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial, nya éta:

- 1) Aya 2 ngaran kampung anu kaasup kana aspék hidrologis 4,8%,
- 2) Aya 7 ngaran kampung anu kaasup kana aspék morfogéologis 17%,
- 3) Aya 15 ngaran kampung anu kaasup kana aspék biologis 36%,
- 4) Aya 10 ngaran kampung anu kaasup kana aspék sosial 24%.

Ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran di SMP, utamana anu patali jeung pangajaran maca sajarah lokal atawa carita babad.

5.2 Saran

Saréngséna ngalaksanakeun panalungtikan, aya saran pikeun:

1) Pamaréntah

Pamaréntah sangkan ngamumulé ngaran-ngaran kampung anu aya di Kacamatan Karawang Barat, salian ti éta dina méré ngaran kudu luyu jeung bidang anu aya di désa Karawang Barat, utamana dina ngadegkeun parumahan ayeuna.

2) Kamekaran Pangajaran Basa Sunda

Istilah jeung folklor anu aya di Karawang bisa dimangpaatkeun pikeun bahan pangajaran kamampuh maca sajarah lokal atawa carita babad di SMP.